

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan basa ngawengku opat rupa nyaéta kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta Opat kaparigelan téh mangrupa hiji beungkeutan anu silih lengkepan. Kaparigelan basa kawilang penting dina kahirupan, sabab kaparigelan basa mangrupa dadasar tina komunikasi nalika nepikeun maksud tina hiji hasil pamikiran. Unggal kaparigelan basa miboga hubungan anu kuat. Kaparigelan nyarita miboga hubungan jeung kaparigelan ngaregepkeun, sarta kaparigelan nulis miboga hubungan jeung kaparigelan maca, kitu deui sabalikna (Tarigan, 2015, kc. 1).

Salah sahiji kaparigelan basa anu dipikabutuh téh nyaéta kaparigelan maca. Kamampuh maca mangrupa konci tina nyangkem sagala élmu pangaweruh, sarta pikeun neuleuman hiji matéri atawa meunangkeun informasi ku cara maca bahan bacaan. Réréana élmu pangaweruh dimeunangkeun ngaliwatan kagiatan maca. Masarakat jaman kiwari ngabutuhkeun literasi dasar nyaéta literasi maca.

Nurutkeun Dalman (2014, kc. 5) maca téh salah sahiji kagiatan atawa prosés kognitif anu miboga tujuan pikeun meunangkeun informasi anu aya dina tulisan. Hartina maca mangrupa prosés mikir pikeun maham kana eusi téks anu dibaca. Maca ogé lain saukur niténan kumpulan kecap, kalimah, paragraf, jeung wacana hungkul, tapi maca téh minangka kagiatan nyangkem jeung ngainterprétasikeun lambang/tanda/tulisan anu miboga ma'na pikeun pamaca meunangkeun pesen anu rék ditepikeun ku panulis ngaliwatan téks bacaan.

Dina maca téh aya dua rupa, nyaéta maca mékanik jeung maca pamahaman. Maca mékanik nyaéta maca anu patalina jeung ayana wirahma/témpo, artikulasi, sarta lentong kalimah atawa bisa disebut maca ékspresi. Maca mékanik téh diajarkeun dina kurikulum, salah sahijina dina pangajaran maca warta. Saluyu jeung Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SMP/MTS Berbasis Kurikulum 2013 Révisi 2017, pangajaran warta téh aya di kelas VIII. Dina

Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) SMP Basa Sunda Kurikulum 2013 révisi 2017 disebutkeun yén kaparigelan nu kudu dihontal nyaéta kompetensi dasar 4.2 *Mengekspresikan teks warta (berita) dengan memperhatikan irama/tempo, artikulasi, dan lentong kalimat* (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2017, kc. 37).

Jadi kompetensi idéal tina ieu kompetensi dasar téh siswa bisa maca warta telepisi atawa radio kalayan niténan wirahma/témpo, artikulasi, jeung lentong kalimah. Wirahma/témpo nyaéta gancang henteuna maca téks warta. Artikulasi mah ngeunaan jelas henteuna ngagunakeun kecap nu rék dibaca, sedengkeun lentong kalimah mangrupa luhur handapna sora nalika maca warta jeung ayana tekenan sora.

Dina kanyataanna, siswa téh can bisa ngahontal kaparigelan dina maca warta, utamana dina wirahma/témpo, artikulasi, jeung lentong kalimah. Nalika maca warta siswa can bisa ngabédakeun kumaha gancang henteuna nalika maca warta, éta hal nilik kana wirahma/témpona. Dina artikulasina masih kurang jelas, jeung nalika maca warta lentong kalimah téh réana can bisa ngabédakeun mana kekecapan anu kudu ditekenkeun jeung mana nu kuduna teu dibéré tekenan. Luyu jeung panalungtikan anu dilakukeun ku Yandryati (2017, kc. 70) yén nilai siswa dina pangajaran maca téks warta téh can bisa ngahontal *Kriteria Ketuntasan Minimal* (KKM). Média atawa modél anu dilarapkeun ku guru salila ieu kurang éféktif. Bisa ditilik dina kurangna motivasi siswa nalika maca matéri. Salian ti éta, luyu jeung wawancara ka guru SMP Negeri 3 Lembang, bangbaluh anu nyampak dina pangajaran maca téh nyaéta siswa masih kénéh baluweung dina maca warta, teu apal kumaha maca warta anu merenah. Siswa réréana ngarasa éra macakeun warta basa Sunda.

Ku kituna, perlu ayana tarékah nu dilakukeun ku guru sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina diajar, hususna dina pangajaran maca. Joyce & Weil (2009, kc. 7) nétélakeun yén cara ngaronjatkeun kamampuh siswa pikeun bisa diajar leuwih gampang jeung leuwih éféktif dina mangsa nu bakal datang téh mikabutuh ayana modél pangajaran anu bisa ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh siswa dina prosés diajar.

Modél pangajaran téh nyaéta hiji rarancang atawa pola anu bisa digunakeun pikeun ngawangun kurikulum, ngararancang bahan pangajaran jeung ngabimbing prosés diajar atawa hal séjén (Rusman, 2016, kc. 133). Cindekna, modél pangajaran téh nyaéta léngkah atawa pedoman pikeun guru jeung siswa nalika ngalaksanakeun hiji prosés diajar, dina matéri anu tangtu jeung bisa dipaké dina bahan ajar anu geus ditataharkeun. Ku kituna, pikeun maluruh pasualan pangajaran maca warta téh bisa ngagunakeun modél pangajaran anu saluyu, salah sahijina ngagunakeun modél *Direct Instruction*.

Sacara tioritis, Joyce, spk. (2016, kc. 549) nétélakeun yén modél *Direct Instruction* atawa instruksi langsung téh mangrupa modél pangajaran anu bisa ngahontal tujuan-tujuan penting dina atikan. Di antarana ayana kaonjongan dina modél *Direct Instruction* nyaéta ayana fokus akademik pikeun siswa diajar, ayana arahan atawa apingan jeung kontrol guru, sarta ayana sistem *manajemen* waktu pikeun siswa diajar. Modél *Direct Instruction* bisa dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran warta hususna dina maca warta. Azali & Amsia (2018) nétélakeun yén modél *Direct Instruction* méré *fasilitas* pikeun siswa dina kagiatan pangajaran, sangkan siswa bisa ngumpulkeun informasi anu loba saluyu jeung matéri anu rék dijéntrékeun ku guru téh bisa nyambung jeung informasi anu dipikanyaho ku siswa nu saméméhna dipaluruh heula matériana. Salian ti éta, nurutkeun Dalimunthe (2019, kc. 89) modél *Direct Instruction* bisa ningkatkeun kualitas dina prosés pangajaran nu dilakukeun ku guru jeung ningkatkeun kualitas hasil diajar siswa.

Sacara émpiris panalungtikan anu kungsi dilaksanakeun nu ngagunakeun modél *Direct Instruction* nyaéta panalungtikan anu judulna *Penerapan Model Pembelajaran Langsung Untuk Meningkatkan Keterampilan Membaca Nyaring Siswa Kelas IV SDN Krembangan Utara III/606 Surabaya* anu dilakukeun ku Djasmia (2013) nétélakeun yén pangajaran maca ngagunakeun modél *direct instruction* atawa pangajaran langsung bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa nalika maca bedas di kelas IV SD. Salian ti éta, panalungtikan anu dilaksanakeun ku Rachmawati & Rukmi (2014) anu judulna *Penerapan Model Pembelajaran Langsung Untuk Meningkatkan*

*Keterampilan Membaca Permulaan Siswa Kelas II SDN Rejosari Mojoker* nétélakeun yén modél *Direct Instruction* atawa modél pangajaran langsung bisa pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa nalika mimiti diajar maca di SD. Disagigireun ti éta, aya panalungtikan anu judulna *Penerapan Model Pembelajaran Langsung Untuk Meningkatkan Kemampuan Membaca Pemahaman Siswa Kelas V SDN 029 Teluk Erong Kecamatan Rengat* ngajéntrékeun yén ngagunakeun modél *Direct Instruction* bisa ngaronjatkeun kamampuh dina maca pamahaman (Efniwati, Kurniaman, & Marhadi, 2016).

Pangajaran warta di sakola ilaharna ngagunakeun sababaraha métode atawa modél. Aya sababaraha panalungtikan dina skripsi anu nalungtik ngeunaan pangajaran warta, diantaranya panalungtikan nu dilakukeun ku Abdullatip (2018) anu judulna “Modél *Project Based Learning* dina Pangajaran Nulis Warta (Studi Ékspérimén di kelas XI SMA Negeri 8 Bandung Taun Ajar 2017/2018)” anu medar ngeunaan kumaha cara ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks warta ngaliwatan modél pangajaran *Project Based Learning*, jeung skripsi nu ditalungtik ku Tiara Umari Nurul Fazrin (2019) anu judulna “Modél Pangajaran *Concept Sentence* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Warta (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MM SMKN 4 Bandung)” nu medar ngeunaan kumaha cara ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta ku cara ngalarapkeun modél *Concept Sentence*.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan, nyaéta medar ngeunaan pangajaran warta anu miboga tujuanna sangkan siswa bisa maham kana pangajaran warta ngaliwatan modél anu geus dipilih jeung bisa dilarapkeun. Sedengkeun bédana ieu panalungtikan nyaéta dina ngalarapkeun modél pangajaranana. Ari panalungtikan dina skripsi nu dilakukeun ku Siti Raidatul Mutaziyah (2018) anu judulna “Modél Pangajaran *Explicit Instruction* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Warta” mah leuwih nyoko kana tahapan-tahapan nalika diajar pangajaran warta ku cara ngalarapkeun modél pangajaran *Explicit Instruction*. Sedengkeun nu ditalungtik ku Fitria Noor Awalya (2019) anu judulna “Modél *Direct Instruction* dina Pangajaran Nulis

Guguritan” miboga sasaruana nyaéta ngagunakeun modél *Direct Instruction*, ngan anu ngabedakeun jeung ieu panalungtikan nyaéta dina matéri pangajaranna.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaronjatkeun minat jeung kamampuh siswa dina maca warta, sarta pikeun ngaronjatkeun pangaweruh siswa ngeunaan kumaha maca warta anu hadé tur merenah. Salian ti éta, ieu panalungtikan dilakukeun pikeun ngaronjatkeun kamahéran siswa nalika maca hiji téks warta ku cara nitenan wirahma/témpo, artikulasi, jeung lentong kalimah nalika maca warta.

Ku kituna, nilik kana hal-hal anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan anu judulna *Modél Direct Instruction dina Pangajaran Maca Warta (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajar 2019/2020)* perlu dilakukeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

Masalah dina ieu panalungtikan diidentifikasi sangkan leuwih museur sarta perlu dirumuskeun sangkan leuwih jéntré.

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan bisa diidentifikasi dumasar kana:

- a. kurangna kamampuh jeung pamahaman siswa dina nitenan wirahma atawa tempo nalika maca warta, artikulasi dina maca warta, sarta lentong kalimah anu saluyu jeung kompeténsi inti nu kudu dikawasa ku siswa;
- b. dina panalungtikan saméméhna can aya nu nguji modél *Direct Instruction* dina pangajaran maca warta.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajar 2019/2020 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*?
- b. Kumaha kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajar 2019/2020 saméméh jeung sabada teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*?
- c. Naha aya ningkatna kamampuh maca warta sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*?
- d. Naha aya bédana kamampuh maca warta nu ngagunakeun modél *Direct Instruction* jeung nu teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus saperti ieu di handap.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji éféktif henteuna modél *Direct Instruction* dina ngajarkeun maca warta ka siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang. Naha éféktif atawa henteu saupama modél *Direct Instruction* dilarapkeun kana pangajaran maca warta. Salian ti éta, bisa digunakeun ku guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung nga-évaluasi prosés pangajaran maca warta, sarta mikanyaho téhnik pangajaran maca warta anu dipikaresep ku siswa, boh maké téhnik anu geus aya boh maké téhnik anu anyar.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajar 2019/2020 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*;
- b. kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajar 2019/2020 saméméh jeung sabada teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*;

Ima Budiawati, 2020

**MODÉL DIRECT INSTRUCTION DINA PANGAJARAN MACA WARTA (STUDI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMP NEGERI 3 LEMBANG TAUN AJAR 2019/2020)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c. ningkatna kamampuh maca warta sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*; jeung
- d. bédana kamampuh maca warta nu ngagunakeun modél *Direct Instruction* jeung nu teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat dina ieu panalungtikan diwincik jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun mekarkeun tiori modél pangajaran basa Sunda, hususna modél pangajaran maca. Hasilna, bisa jadi alternatif pikeun guru dina pangajaran maca warta ngaliwatan modél séjén, utamana nyaéta modél *Direct Instruction*. Salian ti éta, dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran maca warta.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan dipedar saperti ieu handap.

- a. Pikeun siswa bisa ngaronjatkeun kamampuh maca warta.
- b. Pikeun guru bisa jadi alternatif ngagunakeun modél pangajaran maca, hususna pangajaran maca warta.
- c. Pikeun nu nalungtik dijadikeun motivasi sangkan mampuh ngalarapkeun modél pangajaran nu aya salaku inovasi pikeun mekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, ogé minat siswa kana pangajaran maca warta.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I bubuka ngawengku kasang tukang masalah, identifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ngawengku ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, raraga mikir jeung hipotésis, anu ngawengku ngeunaan modél *Direct Instruction*, maca warta jeung sagala hal anu aya patalina jeung matéri bahan pangajaran.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, populasi jeung sampel, prosédur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan anu ngawengku kamampuh maca warta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instructio*, kamampuh maca warta saméméh jeung sabada teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*, ningkatna kamampuh maca warta sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*, sarta bédana kamampuh maca warta nu ngagunakeun modél *Direct Instruction* jeung nu teu ngagunakeun modél *Direct Instruction*.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi.